

GID PARAN KONSENAN KESYON MOUN PI POZE SOU MEDYASYON EDIKASYON ESPESYAL

1. **Kisa médyasyon an yé?**

Médyasyon an sé you pwosédé volontè ké moun ka itilizé pou rézoud dézagreman yo ant paran yo de you étidyan ki gen you andikap, oswa you étidyan ké yo sispek ki gen you andikap, ansanm ak ajans ¹ piblik la ki responsab pou édikasyon étidyan an.

2. **Ki les moun ki dirijé médyasyon an?**

Moun ki sèvi kom médyatè-a sé youn kap travay pou Odisyon Administrasyon Ofis Maryland (Maryland Office Administrative Hearings) moun sa antréné nan abilité épi teknik yo pou li ka fè médyasyon.

3. **Ki wòl mediatè a genyen nan éséyé pou wè si la rezoud dézagreman an?**

Wòl médyatè a sé pou li édé moun jwen you agréman. Médyatè a li pa ni pou youn, ni pou lòt ; épi tou li pa pral pran ni pou youn, ni pou lòt. Li la pou li asisté tou dé pati yo pou wè si yo ka jwen you pwèn an komen épi tou fè la viron dédé sou kèk solisyon ki posib konsènan dispit la.

4. **Si sé mwen ki mandé médyasyon an, eské fòk ajans piblik la patisipé ?**

Non. Médyasyon sé you bagay ki volontè ; tou dé pati ki nan dispit la dwé dakò pou itilizé médyasyon. Kwaké ajans piblik la **pa** oblijé dakò pou al nan médyasyon, an majè pati li toujou alé.

5. **Si ajans piblik la mandé medyasyon eské fòm patisipé ?**

Non. Menm jan mwen té di ou nan kesyon nimewo 4 sé you bagay volontè.

6. **Eské mwen ka mandé pou you médyasyon san mwen pa ranpli you plent pwosédé garanti dwa moun ?**

Wi. Ou ka mandé médyasyon a nenpot kilè pou édé rézoud you dispit. An réyalité li pi bon si ou ta bat pou rézoud you dézagreman pi vit ke posib épi tou anvan ou ranpli you pwosédé plent garanti dwa moun.

¹ Tèm, ajans piblik la, nan dokiman sa-a référé a sistèm lékol lokal la yo oswa lot ajans piblik yo ki responsab pou fè pwovizyon de you édikasyon piblik pou gran mès ki apwopryé a you étidyan.

7. **ki es mwen ka mennen avèm nan you médyasyon ?**

Ou gen dwa pou menen nenpòt moun ou konnen ki ka édé nan rézoud dispit la. Li gen dwa sé you zanmi ké ou fè konfyans, you fanmi, you moun ki défann moun, oswa you avoka. Pou you lis òganizasyon yo ki bay sévis légal gratis ti chéri oswa pou you ti pri byen ba osnon lòt sévis yo, tanpri souplé référé a *Rèkèt pou médyasyon épi fòm pwosédé plent sou zafè garanti dwa moun*, oswa Maryland State Department of Education, Division of Special Education/Early Intervention Services nan sit web yon an

www.marylandpublicschools.org

(Chwazi Divizyon yo, Edikasyon Espésyal ansanm avèk Entèkansyon bonè (Education Special and Early Intervention), apré sa chwazi envestigasyon plent ansanm ak branch).

8. **Konbyen sa ap kouté pou médyasyon an?**

Médyasyon an li gratis ti chéri, ou pap péyé senk ni ajans piblik la tou. Pri médyasyon an sé Eta-a ki péyé l.

9. **Kisa ki rivé si nou tonbé dakò nan moman médyasyon an ?**

Médyatè a ap ékri you akò pou ou ansanm ak ajans piblik la, nap genyen pou nou siyen li apré sa yap ban nou you kopi.

10. **E si nou alé nan médyasyon épi nou pa ka tonbé antan nou ?**

Si ou patisipé nan médyasyon épi nou pa ka tonbé dakò sou anyen avèk ajans piblik la, ou kapab : (1) Nou ka éséyé pou wè si nou pa ta fé you lòt médyasyon you lòt lè. ; (2) Nou ka kontinyé avèk you odasyon (si dépi nan komansman ou té ranpli pwosédé plent sou zafè garanti dwa moun nan you tan ki sifi) ; (3) ranpli you pwosédé plent sou zafè garanti dwa moun ; oswa (4) Chaché lot mwayen ké nou ka rézoud dispit la.

11. **Konbyen tan apré ké mwen mandé médyasyon an ké mwen ka ésperé sa ap rivé ?**

Ofis Administrasyon Odasyon yo va éséyé pou li fè you randévous pou médyasyon pi vit ké posib, men fòk mwen di ou tou ké médyasyon an pa ka nyé oswa mété an réta a odasyon pwosédé sou zafè garanti dwa moun.

12. **Ki sa kap rivé si ajans piblik la refizé respekte akò nou té fè nan médyasyon an ?**

Akò médyasyon ki te siyen an li légalman maré épi li ka apliké nan nenpot tribinal Eta ki konpetan épi ki gen jiridiksyon osnon nan you tribinal distrik nan Etazini.

13. **Eské mwen menm oswa ajans piblik la ka itilizé diskisyon ké nou té genyen épi tou òf ki té fèt nan médyasyon an nan lòt pwosédi ki gen pou vini ?**

Non. Sesyon médyasyon an sé you pwosédé ki pa piblik. Tout diskisyon ki fèt nan pandan médyasyon an dwé rété sékrè épi tou pèson pa ka itilizé li kom prèv nan nenpot lòt pwosédé odysyon oswa aksyon sivil. Paran yo ansanm avèk ajans piblik la yo kon mandé yo pou siyen anvan médyasyon an komansé you angajman konfidansyalite (kenbé sékrè).

14. **Kouman mwen ka fè pou mwen mandé you médyasyon?**

Nou ta pito vlé ké rekèt yo soumèt a Ofis odysyon Administratif nan Rékèt pou médyasyon ansanm tou ak *Fòm plent pwosédé sou zafè garanti dwa moun*. Sepandan, nenpot rékèt ékri ki gen tout enfomasyon ké yo mandé yo, yo dwé komansé pwosédé médyasyon an. Sé swa ou rélé nan téléfòn osnon ou ékri ajans piblik ki responsab pou édikasyon étidyan an oswa ou ka kontakté tou Ofis Odision Administratif, moun sa yo ka fè ou jwenn you fòm. Fò mwen di ou tou ké fòm nan ou ka jwenn li tou nan sit web Ofis Odision Administratif yo ki sé: www.oah.state.md.us épi tou nan Dépatman Edikasyon Eta Maryland nan : www.marylandpublicschools.org

15. **Ki koté pou mwen voyé rékèt (deman) médyasyon an?**

Rékèt ou a (deman) dwé alé a ajans piblik ki responsab pou pwogram édikasyon étidyan an **épi tou** a Ofis Odision Administratif yo. Fòm nan ou ka voyé li pa sévis lapost, sevis faks, oswa men nan men. Ofis Odision Administratif yo pa asépté rékèt pa sévis kouryé éléktwonik; Adrès li sé: 11101 Gilroy Rd Unit E/Clerk's Office, Hunt Valley, MD 21031, nimewo faks yo sé: 410 229 4277

16. **Ki sa ki ka rivé si mwen ta vlé rétiré rékèt mwen té fè pou médyasyon an osnon si mwen ta chanjé lidé konsènan patisipé nan médyasyon ké ajans piblik la te mandé ?**

Ou dwé ékri you lèt épi siyen li fè konen ké ou vlé wétire reket ke ou te fe a Ofis Odision Administratif yo, ansanm ak ajans piblik la, pi bonè ke ou kapab. Sa kapab fèt pa sevis lapost, sevis faks, osnon ou ka delivre li men nan men. Nan let sa ou ka mete pouki sa ou vle retire reket la.

Fo mwen fe ou sonje ke medyasyon an se you bagay volontè, sa vle di ke si ou deside ke ou pa vle rezoud dispit la pa medyasyon oswa ou pa vle patisipe nan you reket ki te fet pa ajans piblik la, ou pa oblije fè sa ou pa vle.

17. **Ou pa repon tout kesyon mwen yo, ki kote pou mwen al chache èd ?**

Premyeman, fè referans a dokiman pwosédé sofgad yo ké ajans piblik la te ba ou. Lòt kesyon yo ke ou genyen ou ka pozé yo a pesonel ki apwoprye de ajans piblik ki responsab pou edikasyon etidyan an, Patnè ou yo pou siksè oswa Sant Sevis Sipò Fanmi, Depatman Edikasyon Sevis sipò Fanmi Eta Maryland (410 -767- 0267 oswa 1-800-535-0182, ektansyon 0267) osnon Ofis Odisyon Administratif Ofis klèk la nan : (410-229-4281) Ou gen dwa konsilte youn nan òganizasyon yo ki bay asistans nan zafè edikasyon espesyal gratis ti chéri oswa asistans pou you ti kras kòb. (òganizasyon sa yo map pale la a, *nan fòm plent pwosede sou zafe garanti dwa moun ansanm avek reket pou medyasyon*).

Depans ki fet nan ka sa yo se Depatman Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Edikasyon Espesyal/Sevis Entevansyon Bone de IDEA pati B kado #H027A070035A, Depatman Edikasyon Etazini, Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak sevis réyabilitasyon. Nenpot sa ki eksprime la a pa neseseman tonbe dako ak sa ke Depatman Edikasyon Etazini oswa nenpot lot ajans Federal ta gen nan tet yo. Divizyon Edikasyon Espesyal / Sevis Entevansyon Bone resevwa lajan yo nan men Ofis Pwogram Edikasyon Espesyal, Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak Sevis reyabilitasyon yo, Depatman edikasyon Etazini. Fok nou di ou ke enfomasyon an pa gen babouket nan bouch, sa vle di moun ki li enfomasyon an yo lib e libè pou fe kopi epi separé kopi yo ak moun ou vlé sel bagay map mande, tanpri souple fe konen ke enfomasyon an soti nan Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sevis Entevansyon Bone, Depatman Edikasyon Leta Maryland.

Depatman Edikasyon nan Leta Maryland pa fe diskriminasyon sou ras moun, sou koule moun, sou seks moun, sou laj moun, sou orijin nasyonal moun, sou relijyon moun, oswa sou andikap moun si yap chache travay nou pa gen diskriminasyon tou nan bay enfomasyon a pwogram aksè yo. Si ou ta bezwen konen kek bagay konsenan polis oswa reg depatemantal, tanpri souple kontakte Equity Assurance and Compliance Branch, pa telefon nan: (410) 767-0433 osnon pa sevis faks nan: (410) 767-0431. Dapre ak oswa lalwa Ameriken yo ki gen andikap (ADA) dokiman sa a disponib nan foma altenatif, si gen moun ki mande sa. Kontakte Divizyon Edikasyon Espesyal / Sevis Entevansyon Bone, Depatman Edikasyon Leta Maryland nan telefon (410) 767-0858, osnon pa sevis faks nan (410) 333-1571.

Dev. 2007